Ассаламу гӀалайкум!

ЗахӀмат бихьичӀого, рахӀат бокьарас,
БекьичӀого,лъилъе,нилъ гьечӀого,хур.
Инхоса ГӀали-хӀажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
## Гумбет районалъул газета



№ 21 (6653) 29 апрель 2019 с. Итни ШагӀбан 1440 с. Багьа эркенаб

БАРКИЯЛ

## Баркула хирияб Рамазан моцӀ!

**ХӀурматиял районцоял, хириял диналъул вацал ва яцал! Баркула нужеда хирияв моцӀазул бищун хирияб Рамазан моцӀ. Гьеб буго бусурбаби цолъиялъул, гъункиялъул, гьудуллъи-вацлъи щула гьабиялъул, рахӀму-цӀобалъул баракатаб моцӀ.**

Районалъул гӀадамазе битӀараб, хӀакъикъияб исламалъул кьучӀалда тарбия кьеялъулъ, щивав чиясулъ лъикӀал рахъал куцаялъулъ мустахӀикъаб бутӀа лъолеб буго нилъер диниял хӀаракатчагӀаз, росабазул мажгитазул имамзабаз.

Аллагьас тавпикъ кьеги киназего квешлъабаздаса рикӀкӀалъун, лъикӀаб гӀамалалдалъун хирияб Рамазан моцӀ тӀадегӀанаб даражаялда нухда регӀизе. Гьаб хирияб моцӀ халкъалъул ракӀалги пикрабиги рацӀцӀалъулеблъун, баракатгун бачӀараблъун, нилъер гьабураб гӀамал къабуллъулеблъун, мунагьал чурулеблъун, квешаб гӀамал тезе гӀадамал кантӀулеблъун батаги.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер**
**ХӀажимурад МухӀамадов**

## Баркула ихдалил ва захӀматалъул байрам!

**Хирияв районцоял! РакӀ-ракӀалъ баркула нужеда тӀаде щолеб бугеб ихдалил ва захӀматалъул байрам – тӀоцебесеб май! РакӀчӀола нилъер районалъул халкъалъул захӀматги, цолъиги, гъункиги районалъул экономикияб, культурияб, социалияб цебетӀей хехлъизабиялде, гӀадамазул гӀумруялъул даража борхизабиялде буссине букӀиналда, нилъер гӀемермиллатазулаб улкаялъул киналго халкъазулгун гьудуллъи жеги щулалъизе букӀиналда.**

Гьарула нужее киназего талихӀ, рохел ва сахлъи. Биччанте букӀине кидаго роцӀцӀараб зоб, рагӀунгутӀизе рагъул гьаракь. ТӀураги щивасул рекӀел мурадал, битӀккаги гӀумруялъулъ.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер**
**ХӀажимурад МухӀамадов**

## ЦӀа ккеялдаса цӀуниялъул хӀалтӀухъабазда баркула!

**Районалъул цӀа ккеялдаса цӀуниялъул № 45 часталъул хӀалтӀухъабазда баркула гьезул махщалилаб байрам. Гьарула щулияб сахлъи, щивасул хъизамалда талихӀ-рохел, гьабулеб ишалъулъ битӀккей.**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадов**

## ХӀажимурад МухӀамадов: «Наслабаз наслабахъе кьезе ккола нилъер лъикӀал гӀадатал, миллиял хаслъаби, цӀунизе ккола маданияб бечелъи»

### Бакълъулазул районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъиялда гьоркьоб лъуна маданиял учреждениязул хӀалтӀул суал



**24 апрелалда Бакълъулазул районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи тӀобитӀана. Гьениб гьоркьоб лъуна маданиял учреждениязул хӀалтӀул хӀакъалъулъ суал.**

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас. Данделъиялда гӀахьаллъана районалъул администрациялъул бетӀерасул заместитель Малик Маликов, райадминистрациялъул аппараталъул нухмалъулев ИсмагӀил Салатгереев, росабазул поселениязул бутӀрул, учреждениязул, гӀуцӀабазул нухмалъулел, жамгӀияталъул вакилзаби ва цогидалги. «Культураялъул учреждениязул хӀалтӀул бугеб хӀал ва гьеб лъикӀлъизабиялъе тадбиразул хӀакъалъулъ» доклад гьабуна районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухӀамад ГӀумардибировас.

«Маданиял учреждениязда цере лъурал масъалаби тӀуразаризе районалда хӀалтӀулеб буго Россиялъул халкъазул гӀадатияб маданияталъул Гумбеталъул центр, росабалъ маданиябгун хӀухьбахъиялъул 25 центр, Инхоса ГӀали-хӀажиясул цӀаралда бугеб централияб библиотека, росабалъ гьезул 18 филиал, районалъул искусствоялъул школа. Россиялъул халкъазул гӀадатияб маданияталъул центр гӀахьаллъана ва гӀумруялде рахъинаруна батӀи-батӀиял программаби ва проектал. Гьел программаби тӀураялда гӀахьаллъи гьабуна творческиял союзаз, гьездаго гьоркьоб ДРялъул хъвадарухъабазул Союзалъ, лъайкьеялъул учреждениязда, районалъул гӀолилазул централъ ва цогидалги гӀуцӀабаз», - ян абуна МухӀамад ГӀумардибировас.

Концерталъулгун театралияб коллективалъ лъагӀел халаса церерахъинал гӀуцӀана, гӀахьаллъана муниципалиял, зоналиял, регионалиял фестивалазда, халгьабиязда, конкурсазда. ДРялъул культураялъул мустахӀикъав хӀалтӀухъан Набигула АхӀмадибировас бахъараб «Ежевикагун цадахъ Гумбеталда» фильмалъе «Нур» фестивалалда гран-при щвана. ёФильм бахъиялъулъ жигараб гӀахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъ.

2018 соналъ маданиял учрежденияз тӀобитӀана 20 азарго чи гьорлъе вачараб 1150 тадбир. Гьаб соналъул байбихьудасаги хӀалтӀи лъикӀ унеб буго. 2018 соналъул хӀасилазда рекъон, культураялъул ва туризмалъул отделалъ республикаялда лъабилеб бакӀ ккуна тӀоритӀарал тадбирал халкъияб информациялъул алатаздасан загьир гьариялъе ва ДРялъул культураялъул министерствоялъул грамота щвана.

Централияб библиотечнияб системаялъ араб соналъ тӀобитӀана азаргоялдаса цӀикӀкӀун тадбир, гьезул хӀакъалъулъги хъвана СМИязда ва социалиял гьиназда. Искусствоялъул школалъул коллективалъ гӀахьаллъи гьабуна республикаялъул культураялъул министерствоялъ тӀоритӀарал фестивалазда, конкурсазда ва тӀадегӀанаб махщел бихьизабуна.

Гьоркьоб лъураб суалалда тӀасан данделъиялда кӀалъазе рахъана ЦӀиликь росдал библиотекаялъул нухмалъулей ГӀазра Абубакарова, Килалъ росдал бетӀер АхӀмад Каримов, Бакьулъ Гьарадирихъ росдал маданиябгун хӀухьбахъиялъул централъул нухмалъулев БагьавудинМухӀамадов ва цогидалги.

Бакълъулазул районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас абуна кӀудияб кӀвар бугин Дагъистаналъул, тӀолабго Россиялъул маданияб бечелъи цӀуниялъул.

(Ахир - 2 аб. гьумералда)


НОМЕРАЛДА РУГО:



Лъалъадулеб лъадал рахъ, лизинг, гӀолареб техника…

-2 гьум.



Росдал 80 проценталъ гӀарзаби хъвачӀого, тӀабигӀияб газ биччаларо

-2 гьум.



ИчӀабилеб маялда гьаризесел тадбирал дандрана

-3 гьум.



Халкъ бахилаб гьунар бицадеги тун…

-3 гьум.

# ХӀажимурад МухӀамадов: «Наслабаз наслабахъе кьезе ккола нилъер лъикӀал гӀадатал, миллиял хаслъаби, цӀунизе ккола маданияб бечелъи»

**(Байбихьи - тӀоцебесеб гьум.)** Культураялъул хӀалтӀухъаби ахӀана жеги лъикӀал хӀасилал щоледухъ хӀалтӀизе, жигарчилъи бихьизабулезе федералиял, республикаялъул программабазда гӀахьаллъулезе баркала загьир гьабуна.

«Маданиял учреждениязул, библиотекабазул хӀалтӀул пачалихъияб кӀвар буго. Наслабаз наслабахъе кьезе ккола нилъер лъикӀал гӀадатал, миллиял хаслъаби. Дагъистаналъул маданияб хазинаялде гъорлъе ккола гӀалимчи, шагӀир, философ, авар литератураялъе кьучӀ лъурав Инхоса ГӀали-хӀажиясул, шагӀир ва гӀалим Игьалиса Чупаласул ва цогидалги рагӀул устарзабазул ирс. Бакълъулазул районалъ республикаялъе ва улкаялъе сайгъат гьаруна культураялъул хӀаракатчагӀазул, хъвадарухъабазул, композиторазул, халкъиял кучӀдул ахӀулезул, кьурдухъабазул, пахьул тӀагӀелал гьарулезул ва цогидалги махщалилазул цӀарал. Администрациялъ кӀвар кьолеб буго маданият цебетӀезабиялде, нижеца рахъккве буго маданиял хӀалтӀухъабазул ва гьезул проектазул», - ян абуна ХӀажимурад МухӀамадовас.

Ахиралда къабул гьабуна хӀукмуги.

**Информациялъул «Гумбет» гӀуцӀи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Росдал 80 проценталъ гӀарзаби хъвачӀого, тӀабигӀияб газ биччаларо

## Газ бачиналъул ва республикаялъул программабазда гӀахьаллъиялъул суалал



**22 апрелалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тӀобитӀараб данделъиялда гьоркьор лъуна росабалъе газ бачиналъул, муниципалитеталъ республикаялъулал программабазда гӀахьаллъи гьабиялъул ва цогидалги суалал.**

Данделъиялда гӀахьаллъана федералиял, республикаялъул ва муниципалиял идарабазул хӀалтӀухъаби, учреждениязул, гӀуцӀабазул, бакӀалъулаб самоуправлениялъул, социалиял хъулухъазул органазул нухмалъулел ва цогидалги.

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас.

Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТӀалхӀат Жамалудиновас бицана гӀадамазе хъулухъ гьабиялъул цӀиял электронниял къагӀидабазул.

Дагъистанстаталъул Гумбеталда вугев бетӀерав специалист-эксперт МухӀамад Лабазановас кӀвар буссинабуна 2020 соналъ халкъалъул ТӀолгороссиялъул перепись гьабиялде хӀадурлъизе, магӀишатазул щибаб бутӀаялъул хӀисаб-суалалъул мухӀканал баянал кьезе ккеялде. Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГӀумар МухӀамадовас абуна пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабеян араб анкьалъ 253 чи вачӀанин. КӀудияб ВатӀанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон тӀубаялъул байрамалде маданиял учреждениязул ва библиотекабазул хӀалтӀухъаби хӀадурлъулел ругилан баян гьабуна районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухӀамад ГӀумардибировас.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул централизованнияб бухгалтериялъул нухмалъулев Гъайирбег АхӀмадовас бицана жидерго учреждениялъ гьабураб хӀалтӀул, гьеб низамалда унеб букӀиналъул. «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетӀер МухӀамад ГӀабдунасировас тӀадчӀей гьабуна Бергьенлъиялъул байрамалде райцентралъул аслияб байдан, памятникал къачӀалел, росулъ жанисел газил мухъал рачун лъугӀулел рукӀиналда.

«Газпром, газораспределение, Дагестан» ОООялъул СМУялъул мастер МухӀамад ГӀабдулкъадировас бихьизабуна районалъул централде тӀабигӀияб газ бачин хехлъизабизе ккани, росулъ ругел гӀадамазул 80 проценталъ гӀарзаби хъвазе кколин абонентазул сияхӀалде гъорлъе рачеян. Хъутабазда унеб буго ихдалил рекьи. Планалде босун буго 1828 гектаралда ихдалил рекьи гьабизе. Гьанжеялде 156 гектаралда бекьана люцерна ва суданка. 560 гектар бекьизе хӀадурун буго. Лъалъадизе лъим бачунел рахъал къачӀалел руго. АПКялда бугеб хӀалалъул бицана районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магӀишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас. ДРялъул Минтрансалъул мухъда ругел бакӀалъул кӀваралъул нухазе субсидиял кьеялъул, Гъоркь Инхо, ЛъаратӀа ва ЦӀияб Аргъвани росабалъ ДРялъул Минстроялъ курировать гьабулел паркалъулал зонаби раялъул суалал рорхана бакӀалраялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетӀерав специалист ХӀажимурад АхӀмаднабиевас.

Районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухӀма МухӀамадовас бицана мини-футболалъул турнир тӀобитӀанин КӀудияб Бергьенлъиялъ 74 сон тӀубаялъул хӀурматалда «Бакълъулал коррупциялда данде. «Ниж экстремизмалда ва терроризмалда данде. Ниж сахлъи бугеб гӀумруялъе гӀоло» абураб ахӀиялда гъоркь. Районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас абуна школалъул гӀумруялде рахинчӀел лъималазе лъайкьеялъул учреждениязе ва цогидалги юридическиял лицабазе консультативияб кумек гьабунин, законалъул тӀалабазда рекъон уставал ва документал рукӀалиде ккезаризе. Лъайкьеялъул физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул ведущий специалист Сурхай Сурхаевас тӀадчӀей гьабуна ЕГЭ кьеялде бугеб хӀадурлъиялда. Экзаменазул 38 гӀуцӀарухъанасе щун буго сертификат. Школазда гьединго унеб буго 9 маялде хӀадурлъиялъул моцӀ.

Социалиябгун экономикияб бутӀаялда бугеб хӀалалъул бицана районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магӀишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул ишал тӀуразарулев Шамил Салатгереевас. Коррупциялда данде къеркьеялъул, декларациялъулаб кампания тӀобитӀиялъул ва цогидалги суалазул баян кьуна коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ районалъул бетӀерасул кумекчи НурмухӀамад ГӀизудиновас.

Районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас данделъиялъул хӀасилал гьаруна, щибаб гӀуцӀиялъ цокӀалаб, хӀасил кьолеб хӀалтӀи гьабиялъул кӀвар букӀин бичӀчӀизабуна ва киналго ахӀана гӀадамазул яшав лъикӀлъизабиялде буссараб хӀалтӀи гӀуцӀизе.

**Къурмагъиз ХӀадисова**

МУГӀРУЗДА ВА ГӀАТӀИРАКЬАЗДА

# Лъалъадулеб лъадал рахъ, лизинг, гӀолареб техника...

## Первомайское росулъ гӀадамал къабул гьаруна

**Бакълъулазул районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас ва Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухӀамад ГӀалиевас Бабаюрт зонаялъул хъутаналда бугеб Первомайское росулъ гӀадамал къабул гьаруна.**

Районалъул бетӀер ва депутат Первомайскиялъул гьоркьохъеб школалде ва цогидал бакӀазде щвана. ГӀадамал къабул гьари гӀуцӀана школалъул минаялда. Гьеб тадбиралда гьединго гӀахьаллъана районалъул администрациялъул финансазул отделалъул нухмалъулев РурухӀма Халидов, экономикаялъул, росдал магӀишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатасул кумекчи ГӀали ГӀумархӀажиев ва цогидалги.



ГӀадамал районалъул бетӀерасухъе ва депутатасухъе рачӀана агропромышленнияб комплекс цебетӀезабиялъул, лъалъадиялъул каналал рацӀцӀад гьариялъул, росабалъе газ бачиналъул, лъайкьеялъул учреждениязул материалиябгун техникияб база щула гьабиялъул, магӀишатал росдал магӀишаталъул техникаялдалъун хьезариялъул ва цогидалги кӀвар бугел суалалгун.

Машинабазулгун техническияб «Гумбетовская» станциялъул нухмалъулев Пахрудин ГӀалихӀажиевас рорхана техникаялъул парк цӀи гьабиялъул ва лъалъадизе лъим бачӀунел каналал рацӀцӀад гьариялъул суалал.

Бакълъулазул районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас ва ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутат НурмухӀамад ГӀалиевас абуна гьел суалал тӀураялъе жидеда барабщинаб гьабизе бугин, каналал къачӀаялъул суал тӀубаялъулъ ДРялъул росдал магӀишат лъедалъун хьезабиялъул ва ракьул мелиорациялъул министерствоялъул специалистал гӀахьал гьаризе ругин.

«Гьудуллъи» СПКялъул нухмалъулев ГӀабдурахӀман ГӀабдурахӀмановас абуна Кучкаркум хъутаналде газ бачине хӀажат бугин. Районалъул бетӀерас ва республикаялъул парламенталъул вакилас ГӀабдурахӀмановасул божилъи лъезабуна гьаб соналъ гьеб хъутаналде тӀабигӀияб газ щвезе букӀиналда.

Лизингалъул суал борхана «Мехельтинский» СПКялъул нухмалъулев КъурбанхӀажи ГӀабасовас. Гьес гьарана лизингалъул компаниязулгун дандеккунгутӀиял рукӀалиде ккезареян. Первомайское росдал гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ГӀалихан Юсуповас абуна захӀматалъул дарсал кьезе рукъ хӀажат бугин, гьединго хъутанчагӀазе лъималазул ах рагьизе къваригӀун бугин.

Муниципалитеталъул бетӀерас ва ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатас рагӀи кьуна хъутабазда гӀумру гьабулез рорхарал суалал ресалда рекъон тӀуразаризе.

«Бакълъулазул район буго росдал магӀишат цебетӀураб бакӀ. ГӀезарула батӀи-батӀиял росдал магӀишаталъул культураби, гӀадамал хьезарула экологиялъул рахъалъ рацӀцӀадал нигӀматаздалъун. Районалъул гӀадамаз пихъги, овощалги Дагъистаналда гурелги, республика тун къватӀирги ричула. АПКялъул рахъкквей кӀудияб кӀваралъул масъала буго. Нижеца кумек гьабула СПКязе, КФХязе, ЛПХязе ва цогидалги росдал магӀишаталъул предприятиязе. ХӀисабалде босун буго продукция гӀезаби цӀикӀкӀизабизе, инвестициял рачӀинаризе, социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетӀеялда тӀадегӀанал хӀасилал рукӀинаризе», - ян абуна ХӀажимурад МухӀамадовас.

**Гебек Гебеков**

# Встреча с вдовой ветерана Великой Отечественной войны

В Верхнеинховской средней школе имени Али-гаджи из Инхо сложилась очень хорошая традиция – поддерживать связь со старшим поколением. Встречаясь, слушая их рассказы, мы как будто перелистываем страницы истории, страницы их жизни, любви и памяти. Ни в одном учебнике не найдёшь ничего подобного. Ведь слова не могут так точно передать выражение глаз, лица, интонацию голоса. Столько боли в словах очевидцев тех страшных событий, что у нас, не испытавших ничего подобного, слёзы появляются на глазах.

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна. Игьалиса Чупалав
№ 21 29 апрель 2019 с.

# ИчIабилеб маялда гьаризесел тадбирал дандрана

### Бергьенлъиялъул байрам тIобитIиялъул гIуцIиялъулаб комитеталъул данделъи

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда, районалъул администрациялда тIобитIана КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон тIубаялъул байрамалде хIадурлъиялъул ва гьеб тIобитIиялъул гIуцIиялъулаб комитеталъул данделъи.**



Гьениб бицана байрамалъул къоялъ тIоритIизе ругел маданиялгун халкъиял, спортивиял тадбиразул, гIуцIиялъулаб комитеталъул членазе кьуна тIадкъаял. ХIисабалде босун буго учреждениязул ва гIуцIабазул сверухълъиялда, росабалъ рацIцIа-ракъалъи гьабизе субботникал тIоритIизе.

«КIудияб Бергьенлъиялъ 74 сон тIубаялъул байрамалъул тадбирал букIине кколеб даражаялда тIоритIизе, гьениб жигараб гIахьаллъи гьабизе, лъималазе, чIахIиязе байрамалъулаб рохалилаб хIал гIуцIизе, гIадлу-низам цIунизе ккола. КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул мисалалда тарбия кьолеб буго нилъеца гIолеб гIелалъе. Цересел умумузул мустахIикъал ирсилаллъун лъугьине ккола нилъ», - ян абуна районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

# ЦIалдохъаби - Муфтияталда, «Россия - дир тарих» паркалда, медколледжалда

### Дагъистаналъул Муфтияталде ана Бакълъулазул цIалдохъаби

**Бакълъулазул районалъул гIолилазул централъул, «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул ва муниципалитеталъул рухIиял церехъабазул хIаракаталдалъун районалъул школазул цIалдохъабазе ДРялъул Муфтияталде экскурсия гIуцIана.**




Лъималазда цадахъ рукIана Бакълъулазул районалъул имам Шамил Назиров, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Макашарипов ва цогидалги.

Школлъималазе Муфтияталда динияб, рухIиябгун лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбиялъул кIвараталъул хIакъалъулъ гара-чIвари гьабуна. Къокъаялъе экскурсия гIуцIана Дагъистаналъул Муфтияталъул секретарь ХIасан-афанди МахIмудовас. Лъималазе бицана Муфтияталъул щибаб отделалъул хIалтIул низамалъул. ВагIза гьабуна ДРялъул Муфтияталъул председатель ГIабдула Салимовас. Гьес цIалдохъаби ахIана мугIалимазул адаб-хатир гьабизе, гьезул малъа-хъваязухъ гIенеккизе, лъикI цIализе ва жамгIияталъе пайдаял гIадамаллъун рахъиналъе гIоло къеркьезе, бицана кIудиязул адаб цIунизе кколеблъиялъул.

ЦIалдохъабазда рихьана аслияб мажгиталъул, жинда жанир рузманкъоялъ 15 азарго чи данделъулел гIатIидал рукъзал.

Хадур лъимал рачана «Россия – дир тарих» абураб тарихияб паркалде. Гьениб цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабуна Россиялъул XX гIасруялъул тарихалъулгун ва рукIарахъиналъулгун.

ДГИялдеги щвана цIалдохъаби, гьелъул хIалтIухъабаз бицана институталъул хIалтIул, лъай-хъвай гьабуна студентазулгун ва лъайкьолезулгун.

Башларовасул цIаралда бугеб медициналъул колледжалде щведал гьениб тIобитIулеб батана рагьарал нуцIбузул къо. ТIобитIана сахлъи цIуниялъул батIи-батIиял темабазда мастер-класс. «Сапаралъе квербакъаразеги лъикI къабул гьуралъухъги ракI-ракIалъулаб баркала кьола», - ян абуна Бакълъулазул районалъул бетIерасул гIолилазул политикаялъул ва диниял суалазул рахъалъ кумекчи МухIамад Зубайировас.

**«Гумбет» РИО**

# Халкъ бахилаб гьунар бицадеги тун…

### МагIарул хъвадарухъаби ракIалде щвеялъул къо тIобитIана МахIачхъалаялда

**2019 соналъул 17-абилеб апрелалда Расул ХIазатовасул цIаралда бугеб Дагъистаналъул миллияб библиотекаялда тIобитIана магIарул хъвадарухъаби ракIалде щвезариялъул къо. МагIарул халкъалъул, мацIалъул, адабияталъул ургъел бугел гIадамал данделъун рукIана гьеб тадбиралде. Гьанжесел хъвадарухъабаз ракIалде щвезаруна Аллагьасул къадаралде щварал XIX- XXI гIасрабазул къалмил устарзаби.**

Гьеб данделъи рагьана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул нухмалъулев, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас. Цересел хъвадарухъабазул гIумруялъул ва гьез нахъе тараб адабияб, рухIияб ирсалъул бицана гьес.

Дагъистаналъул миллияб библиотекаялъ хIадурун буго ан «Даим чIагоял гьурмал» абураб цересел хъвадарухъабаз нахъе тараб рухIияб хазина загьир гьабулеб экспозиция.

Гьеб тадбиралда цIалана 24 авторасул асараздаса мухъал. РакIалде щвезаруна ЦIадаса ХIамзат, Расул ХIамзатов, Муса МухIамадов, Ражаб ДинмухIамаев, Фазу ГIалиева, Заид ХIажиев, МухIамад Хуршилов, ХIажи Залов, Машидат Гьайирбегова, МухIамад Сулиманов, ГIабасил МухIамад, ГIабдулмажид Хачалов, ГIадалло ГIалиев, МухIамад Шамхалов, ГIумар-ХIажи Шахтаманов, ХIажи Гьазимирзаев, Тажудин Таймасханов, ХIажи ХIамзатов Сиражудин ХIайбулаев, ГIабдула Даганов, МухIамад Хириясулаев, ПатIимат МуртазагIалиева, МухIамад ГIисаев, ГьазимухIамад ГьалбацIов, ЖабрагIил ХIасанов, МухIамад Гунашев ва цогидалги.

Цереса арал къаламцоязул хIакъалъулъ ракIалдещвеял гьаруна ва гьезул асарал цIалана гьанжесел автораз. Миллияб библиотекаялда цере рахъана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул авар адабияталъул секциялъул нухмалъулев, «Гьудулльи» журналалъул редактор МухIамад ПатахIов, филологиял гIелмабазул доктор, профессор Ибрагьимил МухIамад халкъияв шагIир, хъвадарухъан МухIамад ХIамзаев, «Дагъистан» журналалъул бетIерав редактор МухIамад БисавгIалиев, МагIарул басмабазул цолъиялъул нухмалъулев МухIамадрасул ГIумаров, халкъияй поэтесса Залму Батирова, рагIул устарзаби ГIайшат Малачиева, ТубхIат Зургьалова, ГIайшат ГIалиева, МахсутI ЗайнулгIабидов, Залму МухIамадова, Шамил МухIидинов, АсхIабгIали ХIасанов, ГIалихIажи МухIамадов, ПатIимат ГIабдурахIманова, ХIажи ГIирбанов ва цогидалги.

Данделъиялда кучIдул ахIана ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб Авартеатралъул хIалтIухъабаз.

**ГIизудинил ХIамзат**

# Кверзул махщел камилазе - шапакъатал

**ТIадеги лъайкьеялъул мугIалимазул «Махщел загьирлъула щивасул рекIелъ» абураб республикаялъулаб конкурс тIобитIана дагьаб цебегIан МахIачхъалаялда. Республикаялъулаб конкурс тIобитIула тIадеги лъайкьеялда хIалтIулел мугIалимазул рахъквей, махщелчагIи загьир гьари, гьезул кверзул махщел камиллъизаби, хIалбихьи цоцахъе кьей мурадалда.**

Конкурсалда гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул лъималазул творческияб рукъалъул мугIалималги. Кверзул махщалил тIагIалаби, угьарал, рукъарал, хьухьарал жал, тIугьдул гьариялъе призовиял бакIал ккун, хIалтIуе лъикIаб къимат кьун тIад руссана ТIад Инхо гьоркьохъеб школалда вугев ДДТялъул мугIалим МухIамад МухIамадов, Игьали гьоркьохъеб школалда хIалтIулей ДДТялъул мугIалим Умайгьанат Жамалудинова, ЧIикь аслияб школалда йигей ДДТялъул мугIалим Зайнаб ГIабдусаламова, МельелтIа аслияб школалда йигей ДДТялъул мугIалим Асият МуртазагIалиева. Ккурал бакIазда рекьон щвана кIиабилеб ва лъабабилеб даражаялъул дипломал, грамотаби.

**«Гумбет» РИО**

ВОРЕ, ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

# Бикьи-къабиялъул къецал

### Бакълъулазул цIалдохъабаз хIисаб гIелмуялъул олимпиадаялда призовиял бакIал ккуна

**Хунзахъ районалда тIобитIана гIаммаб лъайкьеялъул школазул цIалдохъабазда гьоркьоб хIисаб гIелмуялъул районазда гьоркьосеб олимпиада. Гьениб гIахьаллъи гьабуна МельелтIа гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан МухIамад ХIажиевас ва тIоцебесеб бакI ккуна. МухIамадие щвана тIоцебесеб даражаялъул диплом, «Россельхозбанкалъул» рахъалдасан сайгъат ва «Акаро – 2» дармил рукъалъул рахъалдасан гIарцулаб сайгъат. МухIамад ХIажиев хIисаб гIелмуялъул районазда гьоркьосел ва республикаялъулал олимпиадабазда чанго нухалъ бергьана ва призерлъун вахъана.**

5-7 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб П. Л. Чебышевасул цIаралда бугеб хIисаб гIелмуялъул финал тIобитIана Дагъистаналъул халкъияб магIишаталъул пачалихъияб университеталда. Гьеб олимпиадаялда призовияб бакI ккуна МельелтIа гьоркьохъеб школалъул 5 классалъул цIалдохъан Юсуп Шамсудиновас. МельелтIа аслияб школалъул 6 классалъул цIалдохъан Сарият ГIалиеваги гIахьаллъана олимпиадаялда ва грамота щвана.

Лъайкьей цебетIезабиялъул районалъул централъул специалист Лабазан ХIажиевасул рагIабазда рекьон, бакълъулазул школлъималаз, цересел соназго гIадин, хIисаб-гIелму лъикI лъалеблъи бихьизабулеб буго.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIАДАМАЛ

# Росуцоязе баркала кьолеб буго

**ХIурматияб редакция! Дие бокьун буго «Гумбет» газеталдасан ракI-ракIалъулаб баркала кьезе Бакълъулазул районалъул Игьали росдал гIадамазе кумекалъе ратулел, къваригIел тIубаян аскIоре чагIи рачIани, калам тун гьеб тIубазабулел гьал хадур рехсарал гьалмагъзабазе.**

ЦIаналъа Игьалибе бачараб лъел мухъда камилго хIалтIи гIуцIула СултIан АбулхIасановас, росулъ тоталда хурхараб къваригIел тIубазабула МухIамад Шайидхановас ва ГIусман Шайидхановас. Гьев лъабасего ва школалъул сантехник ГIабдула Мансуровасе, школалъул кочегар АхIмад Сурхаевасе, участковияб больницаялъул кочегар АбусагIит ГIабдулхIамидовасе баркала загьир гьабула хIаракат бахъун тIадалги тIадал гурелги ишал ракI бацIцIадго тIуразаруралъухъ.

**ГIумарасхIаб Хасаймирзаев, Игьали росу**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет «Цунди-Шабдухский»

## Решение

**от 21 марта 2019 г. № 2 с. Шабдух**

**«Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» за 2018 год**

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”», послушав доклад главы сельского поселения об ис-полнении бюджета МО «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» за 2018 год Собрание депутатов:**

**Решает:**

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» Гумбетовского района за 2018 год:

- по доходам в сумме 3311,7 тыс. рублей, согласно приложению № 1 к настоящему решению;

- по расходам в сумме 3124,9 тысяча рублей, согласно приложению № 2 к настоящему решению. (источником финансирования дефицита бюджета 2018 года является остаток бюджетных средств на 01.01.2018 г - тыс. руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель обрания**
**А. Н. Набигулаев**

**Приложение № 1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения**
**«Сельсовет “Цунди-Шабдухский”»**
**от 21 марта 2019 г. № 2**

# Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» за 2018 год

**(тыс. руб.)**

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджета | План на 2018 год | Фактически исполнено за 2018 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 15,0 | 30,2 | 201,3 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 17,0 | 14,6 | 85,9 |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 78,0 | 73,0 | 93,6 |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | ,0 | 0,6 | #### |
| ЕСНХ | | 8,0 | 0,0 | |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | | 118,0 | 118,4 | 100,3 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | | 3099,0 | 3099,0 | 100,0 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 00120201001100000151 | 1490,0 | 1490,0 | 100,0 |
| Субсидии в т. числе | | 1609,0 | 1609,0 | 100,0 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования | 00120202041100000151 | 230,0 | 230,0 | 100,0 |
| Иные межбюджетные трансферты в т. ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 00120204014100000151 | 1180,0 | 1180,0 | 100,0 |
| Недофинансирование за ноябрь 2016 г. | | 128,0 | 128,0 | 100,0 |
| Субсидии | | 71,0 | 71,0 | 100,0 |
| Субвенции | | 94,3 | 94,3 | 100,0 |
| | в том числе | | | |
| ЗАГС | | 1,5 | 1,5 | 100,0 |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | 92,8 | 92,8 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **3311,3** | **3311,7** | **100,0** |

**Приложение № 2**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения**
**«Сельсовет “Цунди-Шабдухский”»**
**от 21 марта 2019 г. № 2**

# Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет “Цунди-Шабдухский”» за 2018 год

**(тыс. руб.)**

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2018год | Кассовые выплаты за 2018 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | | | | | 3036,0 | 3124,9 | 102,9 |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 1069,0 | 1245,4 | 116,5 |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1069,0 | 1245,4 | 116,5 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 92,8 | 92,8 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 92,8 | 92,8 | 100,0 |
| Национальная безопасность и правоохранительная деятельность | 001 | 03 | 00 | | 2,0 | 1,5 | 75,0 |
| Органы юстиции (ЗАГС) | 001 | 03 | 04 | 9980059300 | 2,0 | 1,5 | 75,0 |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 435,6 | 435,6 | 100,0 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 435,6 | 435,6 | 100,0 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | | 736,6 | 736,6 | 100,0 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 736,6 | 736,6 | 100,0 |
| Культура и кинематография | 001 | 08 | 00 | | 700,0 | 613,0 | 87,6 |
| Культурно-досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 700,0 | 613,0 | 87,6 |

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.